


"Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo." Jan 3:36

"Tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou." Revelasyon 20:15

Si ti bwochi sa te ankouraje w aksepte Jezi Kris, pase vizite nou pou nou kapab rejwi ansanm avèk w nan desizyon w pran pou resevwa Kris kòm Sovè w.



P.O. BOX 609 • YORK, SC 29745 • 803-684-1535
WWW.HOPETRACTS.ORG
Are You 100% Sure? (Haitian Creole) Tract 467



**Eske w
sèten 100%**
w'ap nan syèl lè ou mouri?

Bib la se **Pawòl Bondye** a.

Bondye di, nou tout genyen yon randevou avèk lanmò. *“Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo.”* Ebre 9:27 Nanpwen lòt desizyon ki pi enpòtan pase preparasyon w fè pou kontre avèk Bondye! Eske yon moun kapab sèten a 100% ke l’ap ale nan syèl?

Bondye di, ou kapab konnen! *“M’ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p’ap janm fini an.”* 1 Jan 5:13 Anpil moun kwè yo va rive nan syèl paske se moun de byen yo ye.

Bondye di, nanpwen moun ki bon. *“Jan sa ekri nan Liv la: Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn. Nanpwen yonn ladan yo k’ap fè sa ki byen. Non, pa menm yon sèl. Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a.”* Women 3:10, 12b, 23

Bondye di, genyen yon penalite ki bezwen peye pou peche nou. *“Peche peye nou kach: li ban nou lanmò...”* Women 6:23a Jezi Kris te mouri pou nou, poutèt nou pa t’ap bezwen ale nan lanfè. *“Paske, Bondye sitelman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p’ap pedi lavi yo. Okontrè y’a gen lavi ki p’ap janm fini an.”* Jan 3:16

“Sou pwen sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t’ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou.” Women 5:8 Jezi te vese san presye li pou lave peche nou yo. *“Se gremesi Pitit sa a nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo.”* Kolosyen 1:14 Twa jou apre yo mete kadav li nan tonbo a, li leve vivan nan lanmò.

Bondye di, fòk nou kwè non sèlman ak lide nou yo, men ak tout kè nou tou. *“Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l’ leve soti vivan pami mò yo, wa sove.”* Women 10:9

Bondye di, fòk nou repanti! *“Mwen di nou: Non. Men, si nou menm nou pa tounen vin jwenn Bondye, nou tout n’ap peri menm jan an tou.”* Lik 13:3

Repanti vle di, nou regrèt peche nou te fè yo. Kè nou dwe bay peche do, mete lavi nou men Jezi Kris, epi resevwa li kòm Sovè e Senyè. *“Paske, lè yon moun sipòte lapenn li jan Bondye vle l’ la, sa chanje kè li pou l’ ka rive sove.”* 2 Korentyen 7:10

“Men, sa ki te resevwa l’ yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye.” Jan 1:12

Bondye di, ke nenpòt moun kapab sove. *“Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans.”* Women 10:13